

IGICE CA 13

UBUTUMWA
KUBWISI
YOSE

BAVUYE MU BWOBA
BW'UBUZIMA BWABO,
ABAKRISTO BARAHURA
MW'IBANGA HANYUMA
BAKUMVA IJAMBO
RY'IMANA RISOMWE
BAKONGERA BAKARIRIMBA.



BAGENZI
NKUNDA, UMWAMI
WACU YARABABAJWE
KUGIRA AKUREHO IVYAHA
VYACU. NTA GITANGAJE
RERO KO NATWE
TWOBABAZWA KUBWIWE.
NTIMUTANGAZWE RERO
N'UGUHAMWA TURIKO
TURACAMWO.


YESU YARAVUZE, " NIMBA
HARI UMUNTU AKENEYE KUBA
UMWIGISHWA WANJE NIYIKORERE
UMUSARABA WIWE HANYUMA
ANKURIKIRE. "IBI BISIGURA RERO
KO DUTEGEREZWA KWITWARIRA
IMISARABA YACU AHO IJA
KUBAMBIRWA NIMBA VY'UKURI
TWAHAMAGARIWE GUKORA IVYO.
UBU, ZABURI 22 ITUBWIRA



MANA
DUFASHE. NI
WAMWICANYI,
SAWLURI.

GLUMA AHO MURI! IRI
DINI RY'IKINYAMAHANGA
NTIRISHOBORA KWEMERWA.
MURAROGOTA KURI BA DATA
BACU NO KU GIHUGU. MURI
ABASAZI! MURAHITAMWO
KUBIHEBA CANKE MUPFE.

FATA
ABARONGOZI
BABO. TUGIYE
KUBATANGAKO
AKARORERO.



TWARUMVISE
IBIJANYE NA BA MESIYA
UBU TURACAHAGAZE.
NI KUBERA IKI NONE
MUHIMBAZA UMUBAJI
YAMAZE GUPFA?

UMWAMI
WACU YESU NI
MUZIMA KANDI NIWE
YAREMYE ISI.

URAZA SHA
GUHINDURA IVYO
URIKO URAVUGA
NITWAMARA GUSHIRA
N'UMUGORE WAVE
MW'IBOHERO.



**OYA!
NDEKERA
LIMUGORE!**


FAA!

**MATAYO 16:24, MARIKO 8:34,
IVYAKOZWE N'INTUMWA 9:1-2**



NGUYU
UYUNDI AKUNDA
KRISTO.

TWARI
TUZI YUKO
IBI BINTU
BISHOBORA
KUBA IGIHE
TWEMERA KUBA
ABAKRISTO.



NIVYO,
DUTEGEREZWA
KUMUSENGERA. MUSENGE
NONEHO KUGIRA NGO
IMANA YOROSHE
UMUTIMA WIWE KANDI
YONGERE IMUTERE
KUBONA UKURI.

NURYA
MUFARISAYO YITWA
SAWURI. AHUMEKA
URWANKO GUSA
ATWANKA HAMWE NO
KUDUCUMITA.

SAWURI
ARARENJEJE
N'URWANKO
N'UMUSAZI.

MWIBLIKE KO
BAMWE MURI TWEBWE
NABO TWARI ABANTU
BAKEKERANYA.



SAWA, SAWURI,
NIZERE KO WAMAZE GUSA
NK'UWUKUBURA YERUSAREMU YOSE
LIYIKURAMWO AKO KADINI KA YESU
KAGIZWE N'ABAMUKURIKIRA.

OYA, LIKO TWICA
TUKONGERA TUGAPFUNGA,
NIKO BAGUMA BARWIRA.
BARAMAZE NO GUKWIRAGIRA
NO MU BINDI BISAGARA.
AMASINAGOGI Y'I DAMASIKO
YUZUYE BO GUSA.



NGIYE
KUGUHA
ICANDITSWE CO
KUBAHAGARIKA
BOSE, HAMA UCE
RERO UGENDA I
DAMASIKO.

NGIRE NCE
UGENDA UBU
NYENE.


SAWURI YARI YIBAZA KO ARI IGIKORWA CIWE CO
GUKINGIRA IDINI RYIWE HAMWE N'IGIHUGU CIWE
AKIRINDA IBINDI VYIZERWA. ARIKO VYARAMURWA
NABI KUBONA ABAKRISTO BAFISE AMAHORO
KANDI BAKONGERA BAKAGIRA UGUSHIRA AMANGA
ATARI Bwigere abona canke amenya.

LIBWO NYENE HAZA IMBERE YA
SAWURI UMUCO UKAYANGANA
CANE MBERE KURUSA IZUBA.

A man with a beard, wearing a dark tunic and light-colored trousers, is riding a brown horse. He is leaning forward, shouting into a long, curved horn. The horse is galloping, indicated by motion lines around its legs and the background. The scene is set against a light, hazy background with some motion lines.

SAWURI,
SAWURI, URIKO
URAMPAMIRA
IKI?

INDOGOBA YA SAWURI IGIRA
LIBWOBA CANE ICA IMUTA
MW'IBARABARA ICA IRIYIRUKIRA.



**NDI YESU,
URIKO URAMPAMA
MU GIHE UHAMA
ABANTU BARIKO
BARANKURIKIRA.**

**URI NDE,
MWAMI, KO
LUVUGA NGO NDIKO
NDAGUHAMA?**

**MWAMI,
UKENEYE
NONE LIBU
NKORE IKI?**

**HAGURUKA,
LIGENDE MU
GISAGARA, HANYUMA
LIRAZA KUBWIRWA ICO
UKWIYE GUKORA.**

IVYAKOZWE N'INTUMWA 9:1-6




WUMVISE
IJWI?

EGO,
ARIKO
SINASHOBOYE
GUTAHURA
ICO RYARIKO
RIRAVUGA.

NANJE
NUKO NYENE.
RYARI RIMEZE
NK'INKUBA.

SINSHOBORA
KUBONA! MUMFASHE.
SINSHOBORA KUBONA.
MUNTWARE MU
GISAGARA.

***RYARI IJWI
RY'IMANA!***



NITWA ANANIYASI.
YESU YAMVUGISHIJE
MW'IYEREKWA HANYUMA ACA
AMBWIRA NZE KURI WEWE
KUGIRA NKUGARUKANIRE
UKUBONA KWAVE.


NIVYO
NAHUMYE.

MW'IZINA
RYA YESU KRISTO,
AKIRA UKUBONA.



NDASHOBORA
KUBONA! HAMA
WAVUZE KO ARI
YESU YABIKOZE?
MBWIRA IBINDI
KUBIJANYE NA
YESU.





ANANIYASI ACA
YUGURURA IVYANDITSWE
VYERA HANYUMA
ACA YEREKA SAWURI
LIBUVUGISHWA
BWA YESU.

EGO, NARI NARABAYE
UMUSAZI GURTYO. VYARI
VYANDITSWE RERO KUBW'IBIHE
BIDASHIRA. NARI NARAHUMISHIJE
AMASO N'IVYO IDINI RYANJE
RISHAKA. NDASHAKA KUBATIZWA LIBU
HAMA MBE UMUNTU AKURIKIRA
YESU.

IMANA ICA
IHINDURA IZINA
RYA SAWURI RICA
RIBA PAWURO.


IVYAKOZWE
N'INTUMWA 9: 7-19

SAWLURI, UBU AKABA
ARI PAWURO, ABA
UMUNTU MUSHASHA
AFISE N'UBUTUMWA
BUSHASHA. NTIYARI
AGIFISE UKUGOMBA
KWICA ABAKRISTO
KANDI MURI WE.
AHUBWO UBU YASHAKA
KWUMVISHA ABANDI
KWIZERA YESU KRISTO.

ARIKO RERO
UKURI GUKOMEYE
NUKO IMANA
YAMUZUYE IMUKUYE
MU BAPFUYE.


NDATAHURA
UGUKEKERANYA
KWAVE. NANJE
SINIZERA, ARIKO
NKUBWIRE, YESU
UMUNYANAZARETI
YARASHIKIJE
UBUVUGISHWA BWOSE
BWA KERA BWEREKEYE
MESIYA.





MBEGA LIBUSAZI
UFISE? NI GUTE MESIYA
YARI KWEMERA KWICWA
N'ABANSI BACU?

YARI LIMWAGAZI
W'IMANA, UKURAHU
IVYAHA VYACU.




IMANA YARIKO
NAYO IREGERA
ABANYAMAHANGA.
HARIHO
UMUSIRIKARE
W'UMUROMA
YARONDERA IMANA
MU MASENGESHO.

MANA, NDAZI KO
ARI WEWE WENYENE
WAREMYE ABANTU BOSE. IDINI
RY'ABANTU BANJE RIRYA RUSWA
KANDI NTA MAHORO RITANGA.
NYEREKA INZIRA Yawe
HANYUMA NANJE NZOHEZA
NDAYIGENDEREMWO.



INDE? IKI?
URI NDE? UVUYE
HEHE?

AMASENGESHO Yawe
YUMVISWE. NARUNGITSWE
N'IMANA. RUNGIKA ABANTU I
YOPA KU NZU Y'UMUJISHI YITWA
SIMONI. URAZA KUBISANGAHO HASI
KU RUHANDE Y'INKENGERA. UZE
KUBAZA UMUNTU YITWA PETERO.
ARAZA KUZA AHO HANYUMA ACE
AKUBWIRA UKURI KU BIJANYE
N'IMANA.



IMANA
YARAGIRIRANIYE
AMAHORO
N'ABANTU BICIYE
KU MARASO
Y'UMUSARABA
WIWE.

PETERO UMWAMI WACU
N'UMUNYEDINI MWIZA, N'UMUGABO
MWIZA, ARIKO YARAHUNGABANIJWE N'IBINTU
VYINSHI. ASENKA UMWANYA WOSE KANDI
AKONGERA AGAHA AMAFARANGA ABAKENE,
ARIKO NTA MAHORO AFITANIYE HAMWE
N'IMANA.

IVYO
BISIGURA
IKI?


NDAZA
KUBISIGURIRA
UMURONGOZI
WAVE.



UMURONGOZI AHURA
NA PETERO KU
RUGI HANYUMA ACA
ARAMWUNAMIRA.

HAGURUKA.
NTUKANYUBAHE. NDI
UMUNTU NKA WEWE. GENDA
UHAMAGARE ABANTU BOSE
UBASHIRE HAMWE HARI
INKURU NZIZA NGIYE
KUBABWIRA.





UYU N'UMUSI
UKOMEYE. IMANA
YARUNGITSE PETERO,
UMWE MU BIGISHWA
BA YESU, KUGIRA
ATUBWIRE IVYA
YESU.

IVYAKOZWE N'INTUMWA
9:20-22, 10:1-27, 38-41

EGO, NARAGENDANYE NA YESU MU KIRINGO
C'IMYAKA ITATU N'INUSU. NARAMUBONYE BAMUBAMBA
KANDI NONGERA NDAMUBONA IGIHE YAZUKA AVA MU BAPFLUYE.
TWARI NK'ABANTU 500 IGIHE TWAMWUMVIRIZA ARIKO AVUGA
UBUTUMWA INYUMA Y'IZUKA RYIWE. YARASANGIYE HAMWE NA
TWEBWE KANDI TURONGERA TURAMUKORAKO. YARATWIGISHIJE KO
DUKWIYE GUKUNDA ABANSI BACU HANYUMA TUGASENGERA
ABADUHAMA. YARANARUNGITSE MPWEMU WIWE...


WA MURONGOZI
KORONERIYUSI HAMWE
N'UMURYANGO WIWE WOSE
WIZERA UMWAMI YESU
HANYUMA BACA BABATIZWA
LIYO MUSI NYENE.



PAWURO ACA AGENDA
MW'ISINAGOGI I ANTIYOKIYA
ACA ABWIRA UBUTUMWA
ABAYUDA KU MUSI W'ISABATO.

MURANZI JEWE.
NARAHAMYE ABAKRISTO
NO KUBICA NDANABICA,
YESU RERO YARANYIYERETSE
MU MUCO WATUMYE MPUMA,
MW'IJWI RYARI RIMEZE
NK'UMURAVYO, YAMBWIYE MVUGE
UBUTUMWA BWIZA ARIRYO JAMBO
RYIWE. NARARONDEYE NONGERA
NDAFURUGUTA IVYANDITSWE KU
VYEREKEYE MESIYA NSANGA
YESU YARAMAZE GUSHITSA
ULUVUGISHWA BWOSE.






IMANA YARAVUZE KO
IZOHAGURUTSA UMWANA WA
DAWIDI KUGIRA ABE UMUKIZA WA
ISIRAYERI, KANDI KO ABARONGOZI
BA YERUSAREMU BAZOMUCIRA
URUBANZA BONGERE BAMWICE.
HARANDITSE MURI ZABURI YA
KABIRI NGO, "URI UMHUNGU
WANJE UNO MUSI NAKUVYAYE."

IYINDI ZABURI
IRAVUGA KO IMANA
IDASHOBORA KWEMERERA
UWERA WAYO NGO ABONA RUSWA,
UBU N'UBUVUGISHWA BUVUGA KO
NAHO AZOPFA NTASHOBORA
KUZOBORERA MU MVA. REKA MWIZERE
RERO KO MURI YESU MUSHOBORA
KUHARONKERA UGUHARIRWA KWUZUYE
KW'IVYAHA, IKINTU MOSE ATARI
GUSHOBORA GUTANGA.





IMANA
YARUNGITSE YESU
KUGIRA ABE UMUCO
KU BANYAMAHANGA,
UMUKIZA W'AMAHANGA
YOSE.

ABANYAMAHANGA!
ABANYAMAHANGA
NTIBEJEJWE.
NTIBASHOBORA
GUSANGIRA UKWIZERA
HAMWE N'ABAYUDA.


URIKO URAROGOTA!
YESU NTIYARI
UMUHUNGU AZWI.
BIRAVURWA KO NYINA
WIWE YARI AFISE
ABANA IMBERE YUKO
ARONGORWA.

ZABURI 2:7, 16:10, IVYAKOZWE N'INTUMWA 2:27, 10:47, 13:33-35



URASHOBORA
KWICWA N'AMABUYE
KUBW'IZO NYIGISHO
Z'IBINYOMA
ZAWA.

KO WANSE INKURU
NZIZA Y'UBUGINGO
BUDASHIRA, UBU BUTUMWA
BWACU REKA TUZOBUTWARE
MU BANYAMAHANGA,
NKUKO ABAVUGISHWA
BABIVUZE.



IGIHE VYARI
BIMAZE GUTOMOKA
NEZA KO ABAYUDA
NK'IHANGA
BABANDANYA
BANKA UBUTUMWA
BWA KRISTO,
YACIYE ASHIRA
INKOMEZI KU
BANYAMAHANGA
ABA ARIBO ABWIRA
CANE KURUSHA
ABANYISIRAYERI.

IMANA
ISHIMWE
N'UMUHUNGU WAYO
YESU. AGAKIZA
KAMAZE KUZA KU
BANYAMAHANGA!

**PAWURO,
MBATIZA!**

TUBWIRE
IBINDI KU
BIJANYE
N'UBUVUGISHWA
BWA YESU.

ABANYAMAHANGA BENSHI
BARIZERA UBUTUMWA
BWIZA HANYUMA BACA
BONGERA BARABANDANYA
MU BUNTU BW'IMANA.

ABAYUDA BARABABARA HANYUMA BACA BARLINGIKA PAWURO
NA BARANABASI KURE Y'IGISAGARA, BABABWIRA KO BAZOBICA
NIBASUBIRA KUVUGA UBUTUMWA, BAKONGERA BAKAGARUKA.
PAWURO RERO NA BARANABASI BACA BAGENDA I AZIYA
BAGENDA BABWIRA UBUTUMWA UMUNTU WESE BAHUYE.




BARANABASI,
NINARWA,
UBANDANYE WIRUKA.
NTUHAGARARE.

I RUSIYA, ABAYUDA
BATERA AMABUYE
PAWURO ARAPFA
HANYUMA UMUBIRI WIWE
BACA BAWUTERERA
HANZE Y'IGISAGARA.



BAHARIRE MANA.
BISHE PAWURO.

IVYAKOZWE
N'INTUMWA
14: 19-20



IMANA IKORA
IGITANGAZA ICA IZURA
PAWURO YONGERA
IRAMUVYURA.

PAWURO,
NARI
NIBAZA
KO WARI
WAPFLUYE!


OYA, IMANA
YARANYERETSE IBINTU VYINSHI
IMBWIRA KO NZOBABAZWA KUBW'IZINA
RYAYO, IYI GUSA N'INTANGO
TWTANGUYE. REKA DUSUBIRE
KANDI MU GISAGARA.



I FILIPI MAKEDONIYA PAWURO
NA SIRA BAHAKUBITWE
INKONI 39 BONGERA
BARANAHAPFUNGIRWA.
HAKO BUMVA UBUBABARE,
IMITIMA YABO YARI YUZUYE
UMUNEZERO, HANYUMA MU
GICUGU BATANGURA GUHIMBAZA
IMANA BONGERA BATAZIRA.



URABEREYE
O MWAMI MANA
WAKIRE UBWIZA,
ICUBAHIRO
N'AMASHIMWE...



**AAAAAA!
YESU
N'UMWAMI!**



PAFWWWWW!

MU MYAKA
YAKURIKIYE, PAWURO
YAKUBITWA N'INKONI
INCURO ZITATU
ZITANDUKANYE. ARIKO
NAHO, ABANDANYA
AVUGA YESU.

IVYAKOZWE N'INTUMWA 14:19-20,
16:23-25, 2 AB'I KORINTO 11:24-25,
IVYAHISHURIWE YOHANA 4:11

IGIHE PAWURO YARIKO ARAGENDA
AVUGA UBUTUMWA AVA MU
KIBANZA KIMWE AJA MU KINDI,
INCURO ZITATU UBWATO YARI
ARIMWO BWARAHATSWE KWIBIRA.



IGIHE KIMWE YARAMAZE
UMUSI WOSE N'IJORO MU
BWATO ARI MU KIYAGA
IMBERE YUKO HAZA UBUNDI
BWATO KUMUTWARA.



KENSHI PAWURO
YARATERWA N'IBISUMA.




ARIKO
YARAGENDA
KUVUGA
UBUTUMWA.

PAWURO YARARWAYE INGWARA ZITANDUKANYE
NK'IMBEHO, UMURIRO, INZARA EKA IBINTU
BITANDUKANYE BITOROHEREZA UMUNTU MU GIHE YARIKO
ARAGENDAGENDA MURI IYI SI AVUGA UBUTUMWA BWIZA.

MANA,
KIZA UYU
MUBIRI KUGIRA
NGENDE KUVUGA
UBUTUMWA MU
GISAGARA
GIKURIKIRA.





PAWURO YAVA MU GISAGARA AJA MU KINDI
ABURIRA ABANTU KUBIJANYE NO GUSENGA
IBIGIRWAMANA HANYUMA AGACA ABABWIRA
INKURU NZIZA IJANYE NA YESU KRISTO.

MWARAHEVYE IMANA
KUBERA IBIGIRWAMANA
VYANYU, KANDI IMANA
YARABATSINDANISHIRIJE BICIYE
MU KWIZERA ATA TEGEKO
NARIMWE RIRINZE GUCAMWO.
UBU RERO MURI URLUGINGO
RW'UMUBIRI WIWE, KANDI MURI
ABO MU NZU Y'IMANA.

**IMANA
ISHIMWE!**

1 AB'I KORINTO 10:14, 12:12-13, 18,
2 AB'I KORINTO 11:25,
AB'I GARATIYA 2:16. ABANYEFESO 2:19



IKI KINTU
NTA MAHORO
CIGEZE KIMPA.

IGIHE RERO ABANTU BARI BAHINDUKIRIYE
IMANA, BACIYE BAREKA IBIGIRWAMANA VYABO.
BACA BATA IBINTU VYOSE VYARI NK'IBIKORESHO
VY'IDINI RYABO BIKABATERA GUKORA IVYAHA
BACA BABITA MU MURIRO. MU MYAKA MIRONGO
IBIRI GUSA, HARIHO ABIZERA MW'ISI YOSE
IZWI BAHIMBAZA BAKONGERA BAGATAZIRA
IMANA MW'IZINA RYA YESU KRISTO.

YESU YARI YARABURIYE ABIGISHWA BIWE ATI, "BAZOBASHIRA KU RUHANDE BABAHAME MBERE NO KUBICA BABICE, KANDI MUZOKWANKWA N'AMAHANGA YOSE KUBERA IZINA RYANJE. KANDI BENSHI BAZOTSITARA HANYUMA BAHEMLUKIRANE, BONGERE BANKANE HAGATI YABO. KANDI ABAVUGISHWA BENSHI B'IBINYOMA BAZOHAGURUKA HANYUMA BAZIMIZE BENSHI.



DATA,
NTUBAHANE
KUBW'IBINTU
BARIKO
BARATUGIRIRA.



MWAMI
YESU, AKIRA
IMPWEMU
YANJE!

IGIHE RERO ABARI BARABONYE KRISTO
BARI BASHAJE, ISHENGERO NARYO
RYAMAZE GUKWIRAGIRA KU BUTAKA
BWA ROMA YOSE, ABAROMA BASUBIRA
KANDI KURONDERA ABAKRISTO KUGIRA
BABICE. ABIZERA BANSE GUHAKANA
YESU, BACA BABASHIRA AHANTU MU
KIBUGA ABANTU BAKAZA KURORERA
BIRABIRA UKUNTU INTAMBWE
N'IMPARAGE ZIBATABAGURA ZIBARYA.

GUUUU!

YIIII!




RIMWE RIMWE ABAKRISTO BARICWA
N'ABAROMA. ABANTU ARIKO
BARATANGAZWA N'UKUNTU ABIZERA
BATAVA KU KWIZERA NGO BABIHAKANE.
BARI BITEGLIYE GUPFA KUBWA YESU.



YASO, NZOKUBONA
MW'IPARADIZO.

OYA!

MATAYO 24:9-11



IMBERE YUKO
APFA, YESU
YARAVUGISHIJE
KUBIJANYE
N'INGORO.

MURABONA
IYI NGORO?
NDABABWIRA
UKURI
IZOSAMBURWA
KANDI NTA BUYE
RIZOSIGARA
RIGERETSE KU
RINDI.

INYUMA Y'IMYAKA MIRONGO INE,
ABAROMA BARAZA BARASAMBURA
IGISAGARA HAMWE N'INGORO. IGIHE
IMBAHO ZO MU NGORO ZASHA,
INZAHABU ZO MU NGORO ZICA
ZINJIRA MU MABUYE. ABAROMA
BACA BABONA RERO KO ARI
NKENERWA YUKO BAKURAHU IBUYE
RYOSE GURTYO UBUVUGISHWA
BWA YESU BUBA BUSHITSE UKO.


ABAYUDA I YERUSAREMU NA
ISIRAYERI BAROKOTSE BAGACIKA
MU NTAMBARA BACA BAHUNGIRA
MU BIHUGU VY'ABANYAMAHANGA
AHO BENSHI MU BABAKOMOTSEKO
BABA NO GUSHIKA UNO MUSI.



TUZOGENDA
AHO
MWANEWACU
ABA I SIRIYA.

ABAKRITSO B'ABAYUDA NABO NYENE
BAHUNGIRA MU BINDI BIHUGU AHO
BAVUZE UBUTUMWA BWA KRISTO,
HANYUMA ISHENGERO RICA RIRAKURA.

AHO BAHUNGIRA HOSE, HABA
HARI ABAKRISTO UGASANGA
BACIYE BABAKIRA.



NTIDUFISE
AHO TUJA.

IBINTU
TWABAYEMWO I
YERUSAREMU BITEYE
UBWOBA. EGO NTA
KIBAZO MURASHOBORA
KUGUMANA NATWE.


MATAYO 24:2. RUKA 19:43-44

INTUMWA ZA YESU KRISTO ZIBANDANYA ZIGISHA IZUKA
RYIWE GUSHIKA KU RUPFU RWAZO. UMWE UMWE YARICWA.
BOSE BAPFA NK'ABAHIZI BAZI NEZA KO BAFISE MUHIRA
IWABO BAFISE IYO BARIKO BARAJA MW'IJURU.



BAMWE
BARABAMBWA
N'ABAROMA.

ABANDI BAKICWA
BABONA
BABAKATAGUYE
UTUNYWENYWE.



BAMWE
BAKICWA
N'AMABUYE.

ABANDI
BAKARIBWA
N'IBIKOKO VYO
MW'ISHAMBA.

BAMWE
BAKANYONGWA.



PETERO YABAMBWE
ACURITSE.

YOHANA 21:18, IVYAKOZWE
N'INTUMWA 12:2


BAMWE BARAKARANGWA
BUHORO BUHORO
MU MAVUTA.

NGIYE MU
KIBANZA CIZA GISUMBA
ICO NAHORAMWO AHA
KW'ISI. IMANA
IBAHARIRE.

SINSHAKA GUPFA
NKUKO WAPFUYE,
MWAMI MANA.

BOSE BAPFIRA MU KWIZERA, BAZI
NEZA KO BAGIYE KURONKA UWUNDI
MUBIRI HAMWE N'AHU BABA HEZA.

IMYAKA MIRONGO ITANDATU
INYUMA Y'IZUKA RYA YESU,
YOHANA NIWE NTUMWA
YONYENE YARI ISIGAYE.
AHUNGIRA MW'IZINGA
BITA PATIMOSI. MPWEMU
ATWARA YOHANA MW'IJURU
AHO YAMWERETSE IBINTU
VYEREKEYE KAZOZA.



**YOHANA,
NGIYE KUKWEREKA
IBINTU BIGIYE KUBA MURI
KAZOZA. WANDIKE IVYO UZA
KUBONA VYOSE HANYUMA
UZE KUBISHIRA MU GITABO
HANYUMA UCE UBIRUNGIKIRA
AMASHENGERO INDWI
YA AZIYA.**



IGIHE IMYAKA IZOBA IRIKO IRARANGIRA, YESU AZOGARUKA HANYUMA YUGURURE IMVA Z'ABANTU BOSE BAZOBA BARAMWIZEYE. BO, HAMWE N'ABIZERA BAZOBA BAKIRI BAZIMA, BAZOHAGURUKA HAMA BACE BAJA GUSANGANIRA YESU MU KIRERE HANYUMA BACE BAGUMANA NAWA IBIHE BIDASHIRA.



MU MISI Y'IHEREZO, IMANA IZOGENDERA ISI BICIYE MU BIZA BITANDUKANYE. UMURIRO UZOTIBAGURIKA HANYUMA HAZOCA HABA IBINDI BIZA BIZOZA HANYUMA BISANGANGURE UBUZIMA BW'ABANTU BAZOBA BABA MW'ISI.



HAZOZA UMLUGABO YIYITE MESIYA HANYUMA
ACE AHENDA ABANTU BENSHI. AZOTUMA
ABANTU BAMWUBAHA KANDI RETA YIWE IZOBA
IGIZWE NO KUGIRA IKIMENYETSO MU RUHANGA
CANKE MUSI Y'IKIGANZA C'IBURYO.



1 AB'I TESARONIKA
4:14, 16-17, 2, 2 AB'I
TESARONIKA 2:3-
4, IVYAHISHURIWE
YOHANA 1:9, 11, 8:
1-13, 9:18, 13:16, 20:4

ABANTU RERO BAZOKWANKA ICO KIMENYETSO
BAZOKWICWA. KIZOBA RERO ARI IGIHE KIBI CANE
KURI ABO BOSE BAZOBA BARASIGAYE MW'ISI.

NKUKO VYAVUGISHIJWE,
YESU AZOGARUKA MU
MISI YA NYUMA.

AZOGARUKA
MU BWIZA
BWIWE BWOSE
N'UBUSHOBOZI
ATARI
MW'ISHUSHO
RY'UMUNTU
APFA. IJURU
RIZOKWUGURUKA
HANYUMA
AZOMANUKA ARI
KU NDOGOBA
YERA.



AZOKAYANGANA NK'IZUBA, KANDI
KU MUTWE WIWE HAZOBA HARI
IBITSIBO VYINSHI. MU BIGANZA
VYIWE AZOBA AFISE INYENYERI
INDWI HANYUMA MU KANWA KIWE
HAZOBA HASOHOKA INKOTA Y'UKURI.

AZOHANGARA SATANI HANYUMA ACE
AMUTERERA MU KIYAGA CAKA UMURIRO
AHO AZOBABAZWA IBIHE BIDASHIRA
HANYUMA NTIYONGERE KUGERAGEZA
UMWANA W'UMUNTU KANDI. YESU
AZOKWONGERA KANDI ASENDE URUPFU
MU KIYAGA CAKA UMURIRO HANYUMA
ISI ICE YONGERA KUBA NSHASHA.



IMANA IZOKWEGERANYA ABANTU
BOSE BIZEYE UMWANA WAYO
HANYUMA ICE IBAHA UBUGINGO
BUDASHIRA MW'ISI NSHASHA. IMANA
IZOKURAHU AMARIRA YOSE HANYUMA
NTIHABE HAKIBA URUPFU, UMUBABARO,
KURIZWA N'UBUBABARE, KUKO IVYA
KERA BIZOBA VYAMAZE KURANGIRA.
YESU AZOCA AGANZA NK'UMWAMI
N'UMUKIZA IMBERE Y'ABANTU BIWE
BERA MW'ISI ITAGIRA ICAHA N'URUPFU.

1 AB'I TESARONIKA 4:16,
IVYAHISHURIWE YOHANA 1:16, 19:11-21,
20:10-15, 21:1-4



LIBUTUMWA BWA
YESU KRISTO
BURAMAZE
KUVURWA
HARAHEZE IMYAKA
2 000. YESU YARI
YARABIVUZE MBERE
KO LIBUTUMWA
BW'LIBWAMI
BUZOKWIRA MW'ISI
YOSE GUSHIKA AHO
IGIHUGU COSE,
LIBWOKO BWOSE,
UMURYANGO
WOSE WUMVA
INKURU NZIZA.



HARI IMANA IMWE
KANDI IYO MANA
IFISE UMWANA
UMWE. HARI
UKWIZERA KUMWE
KANDI HARI IGITABO
KIMWE CERA. HARI
INZIRA IMWE YO
KWINJIRA MURI
PARADIZO INYUMA
Y'UBU BUZIMA. YESU
NIWE NZIRA, UKURI,
N'UBUGINGO, NKUKO
ABANTU BOSE BO
MU BIHUGU VYOSE
BABIBONYE.

UBUTUMWA BWA KRISTO
BURATANDUKANYE N'AYANDI MADINI
YO MURI IYI SI KUKO NTIBUKWIRAGIZA
IBIJANYE N'ITERA BWOBA. YESU
YIGISHIJE ABAMUKURIKIYE NGO
BAKUNDE ABANSI BABO KANDI NGO
BONGERE BUZURE UMUNEZERO
BATEKO BARIRIMBE. UNO MUSI,
ABANTU BO MU MAHANGA YOSE
BAVUGA INDIMI ZITANDUKANYE
BARANEZEREREWE IVYO GUHARIRA
HAMWE N'UBUGINGO BUDASHIRA.

YOHANA 3:16, 14:6



HARAHEZE NK'IMYAKA YEGEREJE
2 000 KUVA YESU AZUTSE MU
BAPFUYE KANDI HARIHO BAMWE
BATARUMVA INKURU NZIZA. HARI
UMUNTU ATEGEREZWA KUBABWIRA.

INKURU IJANYE N'URLUBANZA RUZOCIBWA




**"NKUKO VYAGENYWE KO ABANTU
BAPFA RIMWE, ARIKO INYUMA Y'IVYO
HAGACA HABA GUCIRWA URLUBANZA. "**



URI
UMUMARAYIKA?
UNTWAYE HEHE?

NDIBAZA KO IMANA
IGIYE GUPIMA
IBIKORWA VYANJE
VYIZA IBIGERERANYE
NA BIBI.

ABAHEBURAYO 9:27

A man with long brown hair, wearing a white robe, is seated on the right side of the frame, reading a large, open book. The book is filled with text and has a decorative scrollwork design on its cover. He is looking towards a large crowd of people gathered in a church or cathedral. The crowd is diverse in age and appearance, with some people pointing towards the man. The background shows the ornate architecture of the building, including arches and columns. A speech bubble is positioned in the upper left corner, containing text in a different language.

ARIKO ARARABA KO IZINA
RYAWE RYANDITSE MU
GITABO C'UMWAGAZI
W'INTAMA W'UBUGINGO.

HANYUMA MBONA ABAPFUYE, ABATO N'ABAHAMBAYE, BAHAGAZE
IMBERE Y'IMANA, HANYUMA IGITABO KIRUGURURWA: IKINDI
GITABO KIRUGURURWA, ARI CO GITABO C'UBUGINGO: HANYUMA
ABAPFUYE BACIRWA URUBANZA HAKORESHEJWE ICO
GITABO IBICANDITSWEMWO, HISUNZWE IVYO BAKOZE.



JOHN DOE, EGERA INTEBE Y'INGANJI.

"IMANA IZOCA URUBANZA INAKORESHEJE IVYO AMABANGA Y'ABANTU KUBWA YESU KRISTO. "



JOHN DOE, UNO MUSI N'UMUSI
WAVE WO GUSERUKA MU RUBANZA.
URAGIRIZWA GUKORA IVYAHA
VYINSHI. WISIGURA GUTE?

EGO, NARA KOZE
IVYAHA BIKE, ARIKO
BURYA NARI UMUNTU
MWIZA, BAZA UMUNTU
UWO ARI WE WESE
YOBA ANZI.



IJAMBO RYOSE
HAMWE N'IGIKORWA
COSE VYARAFASHWE,
EKA N'IVYAHA
WAKOREYE MU
KINYEGERO.

ABAROMA 2:6,
IVYAHISHURIWE YOHANA 20:12




ZANA
IGITABO
CIWE.




LIBUZIMA
BWA
JOHN
DOE.

KIRYA GITABO
KIRIKO IZINA
RY'IWANJE.

UBUZIMA
BWA
JOHN
DOE.



A hand is shown holding an open book. The left hand is at the top left, with the index finger pointing to the text. The right hand is at the bottom right, holding the book's spine. The background is dark with a grid pattern.

Urutonde rw'ivyaha	
Kubesha	1-48
Kwipfuza	49-74
Urwanko	75-91
Ukwikunda	92-115
Ubwishime	116-132
Ugusenga ibigirwamana	133-175
Ubusambanyi	176-204
Ukutizera	205-250
Ubusambo	251-271
Ubwicanyi	272
Umuhoza n'abo muhuje	273-274




IGITABO CAWE
CEREKANA KO
WAKOZE IVYAHA
VYINSHI.




BAZA UMUNTU
WESE YARI ANZI,
NARI UMUNTU
MWIZA.

"SI KUBIJANYE
N'IBIKORWA
VY'ULIGOROROTSI
TWAKOZE, ARIKO
BIVANYE N'IMBABAZI
ZIWE YARADUKIJIJE."


TITO 3:5




IGIHE WARIKO
URABESHA
WARIKO URABA
UMUNTU
MWIZA?

A man with a beard, wearing a green jacket, is shown in profile, looking at a smartphone held in his right hand. The background shows an outdoor setting with trees and a bench where other people are sitting.

IGIHE WARIKO URABA
UMUSHAKANYI
WARIKO URABA
UMUNTU MWIZA?


A man in a brown jacket is leaning over a man who is sitting in a chair. The man in the brown jacket has a shouting expression and is pointing his right index finger upwards. The background shows a building with a window.

IGIHE WAZA
URATWARWA
N'ISHAVU WARIKO
URABA UMUNTU
MWIZA?

A man in a purple shirt is bowing towards Jesus, who is standing in the center. Jesus has long brown hair and a beard, wearing a white robe with a blue sash. The background shows a red curtain and a stone wall.

ARIKO NTA
CAHA KIBI CANE
NIGEZE NKORA.
NARI UMUNTU
ABA MW'IDINI.

URABANDANYA
WIREGLURA.
IVYAHA VYOSE
N'IVYAHA BIBI.

Jesus is shown from the chest up, gesturing with his right hand towards a man on the right. The man is wearing a purple shirt. The background is a plain, light-colored wall.

MVA IMBERE,
ABANTU MWESE
MWAKOZE
IVYAHA: SINIGEZE
MBAMENYA.



OO MANA, IBI
NTIVYOMBAYEHO
NUKURI!

PORE. LIBU
VYARENGERANYE
GUHAMAGARA
IMANA.




!!!



ABABI BAZOTARWA MU
KIYAGA CAKA LIMURIRO: AHO
RERO HAZOBAHO GUKOMA
AKARIRU NO KURYANA
INSYA Z'AMENYO.

INTEBE YO GUCA IMANZA YA KRISTO

"YESU
ARAMUBWIRA
ATI, NI JEWE
KUZUKA HAMWE
N'UBUGINGO:
UWUNYIZEYE
NAHO ABA
YARAPFUYE
AZOBAHO."



NABAYEHO UBUZIMA
BWIZA. NDAGIYE KUBONA
UMUKIZA WANJE. MUBANDANYE
MUKUNDA YESU. NZOSUBIRA
KUBABONA MW'IJURU.



YOHANA 11:25-26



IZINA RYAWÉ
RIRI MU GITABO
C'UBUGINGO.

HARAGEZE RERO
KO WAKIRA
IMPERA YAWÉ.

KUKO
YASHIZEHO
LUMUSI AHO
AZOCIRA
LURUBANZA
ISI MU
BUGOROROTSI
AKORESHEJE
URYA
YASHIZEHO,



ACA ASHIRA MU BANTU
UGUSHIRA AMANGA
BEMEZWA KO YAZUTSE
AVUYE MU BAPFUYE.



WAKOZE NEZA MUKOZI
WANJE MWIZA KANDI
W'UMWIZIGIRWA.
INJIRA MU MUNEZERO
W'UMWAMI WAVE.

IVYAKOZWE
N'INTUMWA 17:31

Icipfuzo cacu nuko inyuma yo gusoma igitabo Iciza n'lkibi, uzoterwa intege zo gusoma Bibiriya yose kandi ibe nzima kuri wewe. Bikore imisi yose usome, hanyuma usenge Imana igufashe gutahura no kubishira mu ngiro.

Casohowe muri © 2008,
2017 na Michael hamwe na
Debi Pearl.

Kugihindura birabujijwe.

Umwanditsi: Michael Pearl

Umuhinga: Danny Bulanadi

Uwagihaye Amabara: Clint Cearley



<https://goodandevilbook.com/>